



Èske ou se yon imigran ki san papye ki gen 65 lane oswa plis?

Ou ka kalifye pou pwogram Expanded Medicaid New York la

New York te agrandi pwogram Medicaid li a pou enkli imigran ki san papye yo. Moun ki kalifye yo dwe gen 65 lane ak plis epi revni yo dwe nan yon sèten limit.

1 Kisa Expanded Medicaid ye?

Se yon kouvèti asirans pa mwayen plan Medicaid Managed Care yo. Li kouvri bezwen swen sante yo. Li kouvri plis pase ijans sante yo. Pami avantaj yo genyen konsiltasyon regilyè kay doktè, tès depistaj ki rekòmande yo, tès laboratwa yo, ak plis ankò. Li kouvri medikman ak materyèl yo tou. Medicaid Rx ede ou peye nan famasi a.

2 Èske m kalifye?

Ou dwe ap viv nan New York. Ou dwe gen laj 65 lane oswa plis. Ou ka gen:

- Yon revni ki egal oswa ki pi ba pase \$20,783 pou yon sèl moun, oswa revni ki egal oswa ki pi ba pase \$28,208 pou yon fwaye ki gen de moun
- Resous ki egal oswa ki pi ba pase \$31,175 pou yon sèl moun, oswa resous ki egal oswa ki pi ba pase \$42,312 pou yon fwaye ki gen de moun

3 Kòman mwen ka jwenn li?

Si w deja gen Emergency Medicaid, ou pral resevwa Expanded Medicaid otomatikman:

- NY State of Health pral voye yon lèt ba ou. Y ap di w chwazi yon plan Medicaid Managed Care. Tanpri fè sa oplita nan dat ki nan lèt la. Apre w fin chwazi yon plan, w ap resevwa yon lèt ki gen dat nouvo asirans ou an kòmanse a.

Ou pa kapab aplike pou kouvèti sa dirèkteman nan NY State of Health:

- Si w pa gen asirans, ou dwe aplike pou Emergency Medicaid anvan.
- Ou ka depoze aplikasyon pou Emergency Medicaid nan Local Department of Social Service ou a oswa nan New York City Human Resources Administration an.
- Lè w fin gen Emergency Medicaid, ou pral kalifye pou Expanded Medicaid.

4 E si mwen pa vle Expanded Medicaid?

Ou ka chwazi pa pran Expanded Medicaid. Pou fè sa, rele NY State of Health. Rele 1-855-355-5777. Mande pou yo ba w Emergency Medicaid sèlman. Ou ka rele nimewo sa tou si w gen kesyon.

**Ou bezwen èd pou aplike?
Men yon lis òganizasyon
ki ka ede:**

https://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/fe_abd.htm

Ou ka rele nou tou nan:

**NY State of Health:
1-855-355-5777
(TTY: 1-800-662-1220)**

**Gen èd disponib nan lang
ou pale a nan telefòn ak
fasafas.**

NY State of Health respekte lwa sou dwa sivil federal ak eta ki aplikab yo, epi nou pa diskrimine sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, kwayans/relijyon, sèks, laj, eta sivil/sitiyasyon fanmi, dosye arestasyon, kondanasyon kriminel (yo), idantite jennda, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik yo, estati militè, estati viktim vyolans domestik ak/oswa reprezay.

Si usted habla un idioma diferente al inglés, los servicios de asistencia de idioma están disponibles gratis para usted. Llame al 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

如果您使用的語言不是英語，您可以使用我們的免費語言支援服務。請致電 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)。